

Èd Manje

Ou gen dwa pou aplike pou èd la sou entènèt avèk aplikasyon nan sitwèb nou oswa pou remèt yon aplikasyon nan papye nan yon sant sèvis lokal, patnè kominotè, oswa ou ka voye aplikasyon ou pa lapòs oswa nan faks.



Dat aplikasyon an se dat nou resevwa aplikasyon siyen ou. Dat aplikasyon an se pwochen jou ouvrab la si nou resevwa chanjman ou apre lè biwo fèmen nan yon wikenn oswa nan yon ferye.

Pwosesis la ap kòmanse jou nou resevwa aplikasyon siyen ou.

Sa ka pran 7 a 30 jou pou nou travay sou aplikasyon ou pou èd manje.

Kay ki voye aplikasyon yo vit ka resevwa avantaj èd manje nan sèt (7) jou. Repons ou bay sou fòm aplikasyon an ap detèmine si kay ou satisfè kritè pou asistans manje ekspeditif.

Tanpri rapòte si nenpòt moun lakay ou resevwa yon apwobasyon pou èd piblik oswa pou Revni Sekirite Anplis [Supplemental Security Income (SSI)].

Gen sèvis legal gratis ki disponib nan
floridalawhelp.org



OFFICE OF ECONOMIC
SELF-SUFFICIENCY
MYFLFAMILIES.COM